# OQIW MATERIALLARINDA MÁDENIYATLARARALIQ ÁDISTI QOLLANIW

**Shıńǵısbek Orazımbetov,**
*tayanısh doktorant, Nókis Mámleketlik Pedagogika Institutı, Ózbekstan, Nókis*

***Annotaciya:*** Maqalada inglis tili sabaqlıqlarındaǵı oqıw kónlikpesi ushın ajıratılǵan tekst hám tapsırmalarda mádeniyatlararalıq ádisti qollaw arqalı oqıwshılardıń shet tillerin úyreniwge qızıǵıwshılıǵın arttırıw múmkinshilikleri sóz etiledi.

***Tayanısh sózler:*** sabaqlıq, oqıw kónlikpesi, mádeniyatlararalıq ádis.

Sabaqlıq oqıtıw mazmunın belgilep beriwshi tiykarǵı hújjet bolıp esaplanadı. Sabaqlıqta hár bir pánniń mazmunı, maqseti hám wazıypası belgilep beriledi. Sabaqlıqlar tómendegi talaplarǵa ámel etken halda dúziliwi tiyis:

1. Hár bir oqıw páni ushın islep shıǵılǵan sabaqlıqta ilimiy bilimler sisteması hám onıń kólemi dástúr talaplarına, klass oqıwshılarınıń jas qásiyetlerine sáykes keliwi kerek.

2. Sabaqlıqta bayanlanǵan ilimiy bilimlerdiń teoriyalıq tiykarları, ideologiyalıq baǵıtları sistemalı hám izbe-iz bolıwı talap etiledi. Olar turmıstan alınǵan, isenimli bolıwı kerek. Keltirilgen fakt hám dálillerdiń isenimli bolıwı, olar tuwrı analizleniwi, anıq tariypleniwi hám tiyisli juwmaqlar shıǵarılıwı kerek. Sonda ǵana oqıwshılardaǵı ilimiy dúnyaǵa kózqaras, eń jaqsı insaniy pazıyletler qáliplestiriledi.

3. Teoriyalıq bilimler islep shıǵarıw ámeliyatı menen baylanısqan bolıwı kerek.

4. Sabaqlıqta tema ápiwayı, tuwrı tilde jazılıwı, hám de oǵan tiyisli qaǵıyda hám tariypler beriliwi kerek. Sabaqlıq ishindegi hám muqabasındaǵı sızılǵan súwretler hám dizaynı oqıwshınıń jasına, pánniń xarakterine uyqas bolıwı zárúr.

5. Temalardaǵı pikirler anıq hám qısqa bolıwı, ilimiylikke tıykarlanıwı kerek [3;49]. Biraq biz, házirgi dáwir sabaqlıqlarınıń tiykarǵı kemshiligi oqıwshılardıń psixologiyalıq hám mádeniy ózgesheliklerin, pikirlew tárizin tolıq esapqa alıwǵa erise alınbayatırǵanlıǵında, dep bilemiz.

Xedj oqıwshılar ushın inglis tili sabaqlığınıń maslığın bahalawdıń tómendegi eki basqıshın kórsetse:

1. Sabaqlıq mazmunı óz maqsetlerine sáykes keliw-kelmesligin anıqlaw;

2. Materiallar oqıwshılardıń inglis tilin ózlestiriwleri ushın sáykes hám nátiyjeli ekenligin anıqlaw [4;357].

Jáne bir ilimpaz, Wala [6;59-60], sabaqlıqtı bahalawda - ol oqıtıwshılardıń, oqıwshılardıń, baspaxana, jazıwshınıń mútajliklerine hám oqıw dástúri nátiyjelerine/maqsetlerine juwap bereme yáki joq ekenligin tekserip kóriwdi usınıs etedi. Sabaqlıqta tekstler, tapsırmalar hám t.b. ózgeshelikleri mánisi jağınan qalay islengenligin de, ulıwma alğanda tildiń paydalanıwın esapqa alıw kerek.

2022-2026- jıllarğa mólsherlengen jańa Ózbekstannıń rawajlanıw strategiyası haqqında Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Pármanı IV jónelis 42-maqseti 2026 -jılğa shekem oqıw dástúrleri hám sabaqlıqlardı aldıńğı shet el tájiriybeleri tiykarında tolıq qayta kórip shığıw hám ámelde engiziwti názerde tutıp [1], bul boyınsha AQSh Xalıqaralıq rawajlanıw agentligi (USAID) menen Ózbekstan Respublikası xalıq bilimlendiriw ministrligi sheriklikte 2022-2023-oqıw jılınan baslap "Cambridge University Press" baspası tárepinen basıp shığarılğan inglis tili sabaqlıqları mekteplerde paydalanıla basladı [2]. Sol sebepli respublikamızdağı ulıwma orta bilimlendiriw mektepleri 8- klasslarında jańa oqıw jılınan baslap *Prepare (level 2 grade 8)* sabaqlığı ótile basladı.

Bul sabaqlıqta berilgen oqıw kónlikpesi tekstleri hám tapsırmalarınıń mádeniy ózgesheliklerinen kelip shığıp olarda mádeniyatlararalıq ádisti qollanıwdıń tómendegi mısalların kórip shığıwımız múmkin. Sabaqlıtıń XIV bóliminde oqıw kónlikpesi ushın "A trip to Edinburgh" (Edinburgqa sayaxat) teksti berilgen [5;86]. Tekst penen qatar qala kartası, qaladağı belgili orınlar, imaratlar súwretleri keltirilgen. Oqıwshılar tekstti oqıp, orınlardı kartadan tabıwı soralğan edi. Tańlanğan tekstlerde oqıwshılarğa Ózbekstan Respublikasında jaylasqan qalalar haqqında qosımsha mağlıwmatlar berilip, tekstte kórsetilgen

qala hám imaratlardıń jaylasıw orınları menen usaslıq jerlerin salıstırıw imkaniyatı berilse, sabaqtıń qızıqlı bolıwına ele de úles qosqan bolar edi.

Sonlıqtan biz, berilgen teksttiń mánisin, ondaǵı berilgen grammatikalıq birliklerdiń oqıwshılar ushın túsinikli bolıwı ushın hám de Edinburg qalasınıń qaraqalpaq oqıwshıları ushın biytanıs bolǵanlıǵın esapqa ala otırıp túpten basqa, Nókis qalası haqqında tekst islep shıǵıwdı durıs dep esapladıq. Tekstke Nókis qalasınıń belgili orınları sáwlelengen kartası da qosımsha etip biriktirildi.

**Hi there! I'm flying to Nukus next week. Where would you recommend to go?**

*Amazing! Nukus is the capital city in the north of Uzbekistan. Despite being a small city, there are many wonderful and beautiful places. There are usually several places where tourists go.*




*Many people start their trip to Nukus from the Savitsky Museum, known as the "The Louvre of the Desert". It is located on Tolepbergen Kaipbergenov Street. You can see exhibitions of world-famous artists.*

*Then, if you go up the street, you will come across the Central Market at the end of the street. There you can find local food, national crafts etc. The market is located on Ernazar Alakoz Street.*

*If you walk a little to the left from the market, opposite Tashkent hotel, there is the Karakalpak State Academic Drama Theatre named after Berdakh. You can watch interesting plays and concerts there every day.*

*In the evening, if you want, you can go to the observation wheel on the banks of the Dosliq channel and see the city from above. It is located at the back of the theater.*

*Enjoy your time!*

Mádeniyatlararalıq ádisti qollanıw arqalı oqıwshılarda sabaqlıtaǵı tekst hám jaratılǵan jańa tekstti oqıp, túsinip hám olardı bir-biri menen salıstırıw imkaniyatı payda boladı. Oqıwshı dáslep óz mádeniyatın ańlaw arqalı ózge mádeniyattı túsiniwi hám sol túsinigi járdeminde inglis tilin úyreniw motivaciyası asıwına alıp keledi dep isenemiz.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. O'zbekiston Respublikasi Prezidentining Farmoni, 28.01.2022 yildagi PF-60-son
2. 2022 - 2026-yillarga mo'ljallangan yangi O'zbekistonning taraqqiyot strategiyasi to'g'risida O'zbekiston Respublikasi Prezidentining Farmoni, 28.01.2022 yildagi PF-60-son
3. Abdullayeva B.S., Umarov A.Yu., Saidova B.N. Pedagogika nazariyasi va tarixi. [Matn]: darslik / B.S. Abdullayeva, A.Yu. Umarov, B.N.Saidova. - Toshkent: Nodirabegim, 2021. – 492 b.
4. Hedge, T. (2000). Teaching and Learning in the Language Classroom. Oxford, N.Y: Oxford University Press.
5. Joanna Kosta, Melanie Williams. (2021) Prepare (level 2 grade 8) student's book. Uzbekistan edition, Cambridge University Press.
6. Wala, D.A.S. (2003). A Coursebook is What It is because of What It has to Do: An Editor's Perspective. B. Tomlinson (Ed.). Developing Materials for Language Teaching. London; New York: Continuum, 2003